

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna polah ucap langsung jeung teu langsung, jeung ma'na polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsuedi bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Dina ieu panalungtikan kapanggih 197 omongan polah ucap langsung jeung teu langsung anu ngabogaan sipat jeung ma'na harti nu tangtu. Tina data anu kapaluruh aya dalapan sipat polah ucap, nyaéta (1) polah ucap langsung, (2) polah ucap teu langsung, (3) polah ucap literal, (4) polah ucap tan-literal, (5) polah ucap langsung literal, (6) polah ucap teu langsung literal, (7) polah ucap langsung tan-literal, jeung (8) polah ucap teu langsung tan-literal. Diantarana sipat polah ucap langsung jeung teu langsung anu kapanggih aya 20 omongan anu kagolong kana polah ucap langsung, aya 14 omongan anu kagolong kana polah ucap te u langsung, aya 1 omongan anu kagolong kana polah ucap literal, aya 1 omongan anu kagolong kana polah ucap tan-literal, aya 25 omongan anu kagolong kana polah ucap langsung literal, jeung aya 8 omongan anu kagolong kana polah ucap teu langsung literal. Tina data nu dijabarkeun paling réa kapanggih nyaéta dina wanda pragmatis polah ucap langsung literal, ieu hal lantaran data nu kapanggih téh mangrupa omongan nu diucapkeun maké modus jeng harti nu sarua jeung maksud kedalingna

Ma'na polah ucap nu kapanggih dina panalungtikan nyoko kana fungsi polah ucap anu ngawengku polah ucap komisif, polah ucap impositif, jeung polah ucap éksprésif.

Polah ucap komisif anu kapanggih tina hasil panalungtikan aya 26 data omongan. Ti 26 data, kapaluruh aya 20 polah ucap komisif ngawawarkeun, 2 polah ucap komisif meredih, jeung 4 polah ucap komisif ngantebkeun. Polah ucap komisif ngawawarkeun mangrupa polah ucap komisif nu pangréana kapanggih dina polah ucap langsung jeung teu langsung nu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samsuedi.

Polah ucap impositif anu kapanggih tina hasil panalungtikan aya 40 data omongan. Ti 40 data, kapaluruh aya 19 polah ucap impositif panitah, 2 polah ucap impositif ménta, 3 polah ucap impositif ngadesek, 3 polah ucap impositif miharep, 3 polah ucap impositif panyaré, 4 polah ucap impositif pangajak, 1 polah ucap impositif panggeuri, jeung 5 polah ucap impositif pangjurung. Polah ucap impositif panitah mangrupa polah ucap impositif anu pangréana kapanggih dina polah ucap langsung jeung teu langsung nu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.

Polah ucap éksprésif anu kapanggih tina hasil panalungtikan aya 62 data omongan. Tina 62 data, 8 polah ucap éksprésif panyaré, 1 polah ucap éksprésif pangwulujeung, 10 polah ucap éksprésif kakagét, 2 polah ucap éksprésif tumamprak, 13 polah ucap éksprésif karumasaan, 5 polah ucap éksprésif kabungah, 3 polah ucap éksprésif kanyeri, 1 polah ucap éksprésif mupuas, 2 polah ucap éksprésif kahariwang, 1 polah ucap éksprésif kageuleuh, 24 polah ucap éksprésif kakeuheul. Katitén yén polah ucap éksprésif kakeuheul mangrupa polah ucap éksprésif nu pangréana kapanggih dina polah ucap langsung jeung teu langsung dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén polah ucap langsung jeung teu langsung dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi téh euyeub pisan, basa anu digunakeun ogé gampang dipikaharti. Ku kituna ieu panalungtikan téh bisa ditalungtik dumasar kana papasingan sipat jeung ma'na polah ucap langsung jeung teu langsung.

5.2 Implikasi

Sabada nganalisis polah ucap langsung jeung teu langsung katut patalina antara sipat jeung ma'na polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi, hasil panalungtikan anu kapanggih bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pragmatik dina karya sastra novél. Salian ti éta pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan polah ucap nu aya dina komunikasi basa, sarta bisa maham kana hubungan antara sipat jeung ma'na polah ucap. Anu satuluyna sangkan pamaké basa maham kana faktor anu

ngabalukarkeun ayana polah ucap langsung jeung teu langsung anu jadi cukang lantaran ayana kasalahpahaman nalika komunikasi basa.

5.3 Rékomendasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan saukur nalungtik ngeunaan polah ucap langsung jeung teu langsung katut hubungan antara sipat jeung ma'na polah ucap tanpa matalikeun jeung pangajaran. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan polah ucap langsung jeung teu langsung séjénna anu dipatalikeun jeung pangajaran.

Kadua, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh mibanda dialog anu kawilang saeutik. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén anu ngagunakeun sumber data anu leuwih réa dialogna sangkan polah ucapna leuwih réa deui rupana.

Katilu, tina sipat jeung ma'na polah ucap langsung jeung teu langsung dipiharep bisa ngahudangkeun kasurtian dina kahirupan sapopoé, utamana dina komunikasi.